Pou Piblikasyon Imedya: 11/19/2015 **GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO**

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE GRAN OUVÈTI BILDING REYABILITE WOOLWORTH NAN WATERTOWN

Pwojè $16.6 Milyon te transfòme peyizaj istorik anba lavil an yon nouvo lojman ak espas komès andetay

Gade Foto bilding ki fini an La

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse gran ouvèti bilding reyabilite F.W. Woolworth nan Watertown. Peyizaj istorik sa, ki te youn nan premye magazen F.W. Woolworth peyi a, te transfòme an yon bilding dinamik avèk 50 inite lojman lwaye a bon mache ak espas komès nan nivo sousòl.

"Yon senbòl sou istwa pase a te vini yon siy vitalite pou vil sa," **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Grasa efò kowòdone ant patnè sektè prive avèk lokal ak eta, bilding istorik sa kounye a ap bay rezidan yo nan Watertown lojman ki ansekirite, a bon mache ak enèji efikas , pandan lap atire nouvo vi ak aktivite biznis nan zòn anba lavi la."

Pwojè $16.6 milyon an te fini grasa yon kantite kredi taks ak sibvansyon ki soti nan antite yo, enkli:

- $9.5 milyon nan New York State Homes and Community Renewal Kredi Taks Lojman Revni Fèb
- $4.6 milyon nan kredi taks New York State Parks and Historic Preservation Historic
- $2.5 milyon sibvansyon inisyativ Restore Kominote New York Empire State Development
- $45,000 Sibvansyon ak rekonpans New York State Energy Research and Development Authority

Lwaye brit (lwaye plis sèvis piblik) nan nivo inite lojman de $543 jiska $769 pa mwa e yo a bon mache pou kay yo ki gen revni nan oswa pi ba 60 pousan nan revni mwayen zòn nan.

Senatè Patty Ritchie te deklare, "Bilding W.T. Woolworth se yon sant nan anba lavil

Watertown e revitalizasyon l ap pote travay ak opòtinite biznis nan distri istorik sa. Pwojè sa reprezante rekonesans kap ogmante opòtinite ki egziste nan kominote North Country nou yo."

Mannm Asanble Addie J. Russell te deklare, "Istwa rich North Country ta dwe selebre menm jan nap bati nan direksyon yon avni ekonomik ki pi vibran. Bilding renove Woolworth se yon egzanp sou kijan nou ka bati sou pase a san nou pa kite okenn moun dèyè nan ofri yo lojman efikas a bon mache grasa itiliasyon patenarya efikas."

Majistra Watertown Jeffrey E. Graham te deklare, "Administrasyon Gouvènè Cuomo te enpòtan nan fè pwojè sa reyalize, sa ki pral lakoz nan djòb, lojman ak yon anba lavil ki pi amelyore."

PDG New York State Homes and Community Renewal, James S. Rubin te deklare, "Nap delivre sou angajman Gouvènè Cuomo pou kreye, konsève epi kenbe opòtinite lojman a bon mache. Woolworth Watertown se yon egzanp prensipal sou rezilta nou ka reyalize avèk ajans koperasyon yo."

Komisyonè New York State Parks, Recreation and Historic Preservation Rose Harvey te deklare, "Mwen aplodi patenarya piblik-prive ki te ede rann posib prezèvasyon ak re-itilizasyon yon bilding ki konnekte a istwa Watertown. Envesti nan estrikti istorik ankouraje katye dirab epi konsève karaktè inik kominote nou yo. Apati 2012-2014, Kredi taks konsèvasyon Eta ak federal te lakoz nan $2.5 milya dola envestisman nan pwopriyete istorik nan Eta New York."

Komisyonè, Prezidan ak PDG Empire State Development Howard Zemsky said, "ESD, an patenarya avèk ajans yo nan Eta, te transfòme bilding istorik Woolworth an sant prensipal Watertown anba lavil, sa ki pral ankouraje kwasans biznis ak kreyasyon travay. Jodia, nap selebre akonplisman lidè kominotè yo ak otorite lokal yo ki te ede pou fè sa rive."

Prezidan ak PDG New York State Energy Research ak Development Authority John B. Rhodes te deklare, "Reyabilitasyon bilding Woolworth se yon bèl egzanp sou kijan patenarya piblik ak prive ka transfòme kominote yo. Sou lidèchip Gouvènè Cuomo, e grasa efò kolaboratif de tout moun ki te enplike avèk pwojè a, efò a ap bay enèji efikas lojman a bon mache ak espas andetay ki pral ankouraje devlopman ekonomik nan nan kominote lokal la."

Prezidan Georgica Green Ventures David Gallo te deklare, "Georgica Green Ventures apresye angajman Gouvènè Cuomo nan North Country. Nou te kontan paske nou te travay avèk New York State Homes and Community Renewal, TD Bank, Empire State Development, Ajans Devlopman Endistriyèl Konte Jefferson, Vil Watertown, ak Raymond James pou revitalize bilding istorik Woolworth. Bilding sa se yon pati entegral nan istwa Watertown e li pral kontinye sèvi kounye a vil la pou ane kap vini yo bay lojman ki pi nesesè nan distri istorik anba lavil."

Ekip devlopman an gen ladan Georgica Green Ventures, LLC, ak White Birch Enterprises, LLC, ko-devlopè; LeCesse Construction and Purcell Construction Corp, the general contractors; Crawford & Stearns Architects and Preservation Planners, the architect and historic consultant and Cornerstone Property managers, LLC, the management agency. Pwojè a opere pa Woolworth Watertown, LLC.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418